

# Parents K12

*ESOL Department of Broward County Public Schools* (Depatman ESOL lekòl piblik Brawad Kaounti) enskri-ou pou ou itilize Parents K-12, yon nouvo baz donne nan Entènèt ou kapab fè rechèch epi konsilte. Se pou fanmi elèv K-12 (depi kindègadenn rive douzyèm anne) kap aprann lang angle (*English Language Learners*) epi ki nan pwogram ESOL.

Parents K-12 ofri nan Entènèt resous avèk aktivite. Ou va kapab:

- Fè rechèch pou aktivite akademik nan matematik, syans, syans sosyal/istwa/lekti/angle (*Language Arts*) selon klas elèv-la ap fè.
- fè rechèch nan resous akademik jeneral tankou "Preparasyon pou tès *Florida Comprehensive Assessment Test - FCAT*" oswa "Pare pou klas Lekti (klas lekti pitit-ou pral pran)".
- fè lekti rezime kout sijè akademik elèv-yo pral aprann nan saldeklas-yo.
- enprime aktivite anmizan, aktivite anrapò ak sa timoun-nan ap etidiye ou kapab fè avèk pitit-ou lakay-ou.
- jwenn aksè nan estrateji konkrè pitit ou kapab aplike pou li reyisi mye nan tès ak ekzamen, konplete devwa, fè rechèch epi ekri rapò.
- Koute resous-yo an angle epi ann espayòl.

Baz donne enpòtan-sa-a avèk resous espesifik pou klas elèv-la ap fè, disponib gratis pou fanmi ak elèv-yo nan sit:

<http://portal.parentsk12.com/broward>

Username (non itilizatè): Nimewo idantifikasiyon elèv-la avèk 10 chif (0000000000)

Password (modpas): broward

Pou plis enfòmasyon oswa keksyon tanpri kontakte:

Yvette Fernandez oswa Dunia Gil nan nimewo 754-321-2950 oswa voye yon imel bay@

[Yvette.fernandez@browardschools.com](mailto:Yvette.fernandez@browardschools.com) oswa [Dunia.Gil@browardschools.com](mailto:Dunia.Gil@browardschools.com)

*The School Board of Broward County, Florida*, entèdi tout lwa oswa pwosedi ki ka lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, nasyonalite, eta sivil, ras, reliyon, gason oswa fi oswa preferans seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele *Executive Director, Benefits & EEO Compliance* nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

Dapre amannman lwa *Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008*, (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon kapab rele *Equal Educational Opportunities (EEO)* nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.